KIJAN POU METE AK RETIRE YON KOUVÈTI VIZAJ SAN DANJE

METE KOUVÈTI VIZAJ OU A KÒRÈKTEMAN

- Lave men w anvan ou mete kouvèti vizaj ou a
- Mete li sou nen w ak bouch ou epi sekirize li anba manton w
- Eseye ranje li byen sou bò figi w
- Asire w ke ou ka respire fasilman
- Pa mete yon mask sou yon timoun ki poko gen 2 zan



ITILIZE KOUVÈTI VIZAJ LA POU PWOTEJE TÈT OU AK LÒT MOUN

- Mete yon kouvèti vizaj pou pwoteje lòt moun anka ke w enfekte san w pa gen sentòm
- Kenbe kouvèti vizaj ou tout tan ou an piblik
- Pa mete kouvèti a nan kou w oswa sou fontenn ou
- Pa manyen kouvèti vizaj la, epi si w fè sa, netwaye men



SWIV CHAK JOU ABITID KI BON POU LASANTE

- Rete a omwen 6 pye distans lòt moun
- Evite kontak ak moun ki malad
- Lave men w souvan ak savon ak dlo pou omwen 20 segonn chak fwa
- Itilize dezenfektan pou men si savon ak dlo pa disponib

RETIRE KOUVÈTI VIZAJ OU A AVÈK SWEN LÈ W LAKAY OU

- Demare kòd yo dèyè tèt ou oswa detire pasan yo
- Manyen sèlman pasan yo oswa kòd yo
- Pliye kwen eksteryè yo ansanm
- Si w kapab itilize l ankò, lave kouvèti vizaj la alamen oswa mete li nan machin a lave a
- Si kouvèti vizaj la fèt pou jete, jete l
- Lave men w avèk savon ak dlo



KOUVÈTI VIZAJ AN TWAL YO SE PA MAKS CHIRIJIKAL YO YE OSWA RESPIRATÈN-95, YO TA DWE REZÈVE TOU DE POU TRAVAYÈ LASANTE AK LÒT PREMYE SEKOURIS MEDIKAL.

Pou plis enfòmasyon, vizite miamidade.gov/coronavirus

MIAMI-DADE COUNTY